

## REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA-TAMA:

1 taoen . . . . .	f 6.—	{ njoewoen ka-
1/2 . . . . .	f 3.—	
3 woelan . . . . .	f 1,50	bajar roemijn.
Kénging mbajar saben woelan		

## RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . .	f 36.—
1/2 . . . . .	f 18,65.
1/4 . . . . .	9,75.
1/8 . . . . .	f 5,25.

Saladjengipoen: saben 1 cm<sup>2</sup> f 0,03;

sekedik - kedikipoen: f 1,50.

Kabar premili alit - alitan: f 1.—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi- san, oetawi dadas lengganan, tepang rembag roemijn kalijan administratie.

## — INDONESIËR KATHOLIEK LAN ONDERWIJS. —

## KEDAH KATANDANGAN ENGGAL LAN SAJEKTOS.

Kita sampoen sami jakin bilih onderwijs poenika saminipoen, tjitakan, nanging sanès tjitakan roti oetawi banon, malah tjitakan bangsa.

Wangoening barang tjitakan temtoe sami kalijan woedjoeding tjitakanipoen, jén wangoening tjitakan: pesagi, mangké dadosipoen barang inggih pesagi, jén mawi wiron, bariangipoen inggih dados mawi wiron, enz.

Samentan oegi para laré, inggih tjalon bangsa Indonesier, bêndjing dadiosipoen tjiang sepoel (bangsa) inggih badé manoet woedjoeding onderwijs oetawi tjitakanipoen. Kita Indonesier Katholieke temtoe 'mbetahaken sanget dateng indaking bangsa kita Katholieke, dadios inggih kedah gadah lan toemandang toe-moet njitak bangsa ngantos tembénipoen dados bangsa Katholieke, dados golongan anak poetoek kita Katholieke.

Bangsa kita Indonesier sanès Katholieke sampoen sami gjak, iboet, anjitali tjalon bangsa sarana onderwijs manoet dedasaripoen pijambak-pijambak, oetawi manoet wangoeng ingkang sami dipoenkadjang-aken, kadosta; golongan M. D., Tamansiswa, Protéstan, Nétral enz.

La, kita Indonesier Kath. kados-poen? Roemaos koela teksih kompérén sanget bab poenika. Manawi teroes kompérén, blahi lo, para sadérèk anak poetoek kita ing tembe. Kita sampoen gadah stichting, "Trijasa" hla poenika moengoep-moe-ngoep, nanging sampoen ngantos namoeng woedjoed nami oetawi seratan Trijasa kémawon, kedah énggal-énggal toemandang dipoen-woedjoedi, dipoenboektèni.

"Trijasa" sampoen ngattingalaken boekti oetawi woedjoed wonten ing kita Ngajodja, Ngawi lan nembe poenika, Medari. Saweg tiga teksih kirang katal sanget, golongan sanès sampoen gadah tjitakan katal<sup>2</sup>, toer woedjoed warni-warni ageng alit.

Mangga tjékat-tjéket kanggé woh-ing th. 1931, memoelih panalangsa th. 1930. Grombolan - grombolan Katholieke ingkang sakinten sampoen tekép kekijatanipoen énggal-énggal amboektènana "Trijasa", ingkang dèrèng kijat ndamel boekti pijambak, ambijantoea dateng papan ingkang sampoen wonten boekti (sampoen madeg pameloangan, "Trijasa") sarana ngatahaken moeridipoen, oetawi sarana jatra loemintoe sanadjan namoeng 10 oetawi 15 sén loemantar K. W. oetawi sanèsipoen saben woelan, ngantos laminipoen doemoegi wekdal papan ngrikoe wonten Trijasa - school pijambak, oeger papan ngrikoe sampoen madeg "Trijasa" pijambak, pitoeloengan waoe teroes kasetop, perloe kangge pijambak.

Golongan sanès ingkang sabéjan ageng sanès goeroe - goeroe, meksa sampoen sami saged ngedegaken lan sateroesipoen mijara ja-san-jasan onderwijs, dokteran, grija miskin Isp., poenika kita ingkang sabéjan ageng para prijantoe goeroe-goeroe toer sabéjan ageng kaoem N. S. er Kweekscholier, H. K. Sers badé tingak-tingoek, djoedeg oetawi ketelasen daja lan akal-

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:  
A. DJAJASEPOETRA.  
kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

Adresipoen Redactie lan Administratie  
IGNATIUS-COLLEGE  
DJOKJAKARTA  
Telefoon no. 795.

Drukkerij "Canisius." Djokja

## ISINIPOPEN.

Indonesier Katholieke lan Onderwijs - Oer- oen keterangan sawatwasis - Poenapa boten siang angrem - Ra'iat Indonesia lan Économie - Ing sapoetjaking panggoeng Économie - Ngadjengken Économining bangsa enz. - Katholieke Onderwijs - Wangsoelan dateng Correspondentieblad - Goentingan pers - Sa- king pakempalan - Ontjén sekar gambir me- lati - Saking Banjoemas lan Redi - Corre- spondentie.

## GOENTINGAN PERS.

Djangan ngantoeck sèh . . .  
Loetjoe . . . loetjoe . . . loetjoe . . .!  
Poenapa ta?

Nembé poenika Prendjak Mata- ram maos De Locomotief, tanggal 30 Maart. Koran waoe njarijosaken: mentas kémawon ing gedong Lager- huis Inggris wonten tjiang dipoen- poerik késah, margi ngantoeck.

Ing Baritanijah pantjén takhsing glampahaken wèt: "wongsingloeng- goeh ana ing tribune ing Lagerhuis, ora kena ngantoeck, ora kena toeroe."

Ai, . . . wonten Lagerhuis ngan- toeck. Mirengaken rembagipoen gé- gémbong-géémbong babagan praka- wising nagari, . . . ngantoeck. Mi- rengaken rembagipoen minister-min- ister ngantoeck. . . . Ing tanah Kilèn, kok inggih wonten lalampahan ngoengokaken parepatan ing Lager- huis karo ngantoeck.

Koola ladjeng kengetan kawonte- nan ing Indonesia ngriki. Manawi ngleresi wonten openbare vergader- ring, tjiang-tjiang ingkang dateng katal. Salebetipoen mirengaken rem- bag penting-penting, koela naté soemerep, inggih wonten ingkang saged lijer-lijer, kados dipoenkepeti.

Nenggani parepatan, . . . ngantoeck, . . . poenika sami kalijan tjiang won- ten ing djagongan. Sami kalijan kala Prendjak Mataram taksih alit, mi- rengan dongéngipoen bijoeng koe- la, . . . ladjeng ler-ler . . . tilem kapatos.

Nanggih ingkang wonten pare- patan nama ngantoeck dian ngantoeck mripat merem pikiran mandeg, poen- ika, inggih awis-awis. Ingkang kerep kalampahan poenika malah: mripat melèk mentjereng, nanging pikiran mandeg, boten mangertos oeroeting rembag. Manawi oedoe rembag ladjeng mléntjeng babar pisan saking djedjering prakawis. Saja manawi sampoen lojo, . . . kabekta saking parepatan waoe ke- dangon, . . . poenika adakanipoen katah sanget ingkang ngantoeck pikiranipoen.

Ngantoeck pikiran wonten ing parepatan poenika damel pitoena ageng toemrap parepatanipoen. Awit pantjénipoen saged rampoeng toe- moenten, . . . manawi ngantoeck pikiranipoen ladjeng ngalntoor - nglan- toer. Toer, . . . rembag-rembagipoen boten mateng. Poetoesan - poetoes- anipoen boten bening. Kados-poen- di sagedipoen bening, . . . tjiang pikiran ngantoeck; . . . malah bokma- nawi sampoen tilem, . . . moeng mripaté baé sing mantjorong.

Toer sadjané, . . . Prendjak Mata- ram déwé karemé boboek ora djamak.

Prendjak Mataram.

## PRADJA RAHAJOE.

## OEROEN KATERANGAN SA- WATAWIS.

Bab aksara tjekakan (sampoen kapranata).

Saréhning ing Sw. Tm. no. 13 sarta 14 tanggal 27 Maart lan 3 April 1931 wonten rembag bab "aksara tjekakan sangadjenging nama," ingkiki koela badé toemoet

ngatoeraken sakedik keterangan, mengkah perloenipoen waoe.

Manoet atoeran ingkang sampoen katetepakan déning paréntah nagari "bab titels, rangen en staat- sie" (inggih poenika: asal - oesoel saking seseboetan, pangkat saha oepa - tjaranipoen) staatsblad taoen 1820 no. 22 toemrap para Boepati, staatsblad taoen 1824 no. 13 toe-

ngatoeraken sakedik keterangan, mengkah perloenipoen waoe.

Manoet atoeran ingkang sampoen katetepakan déning paréntah nagari "bab titels, rangen en staat- sie" (inggih poenika: asal - oesoel saking seseboetan, pangkat saha oepa - tjaranipoen) staatsblad taoen 1820 no. 22 toemrap para Boepati, staatsblad taoen 1824 no. 13 toe-

sadejana saged keterangan, mengkah perloenipoen waoe.

Mangga, ndak boten ngijas-ngijies poenika. Kang mangka toemraping sedérèk tani (djaman malesek poenika lo), sampoen malih mindak aken arta alit f 5 agengipoen f 15 jén kobera, saweg ingkang kangge padinten kémawon terkadang sam-

poen adjegan tjomprang-tjamprèng. Mila lajak kémawon bilih sareng sami tampi oendang saking loerah- ipen, jén paosing boemi mindak lan kedah loenas ing salebeting ti- gang woelan, ladjeng sami bingoeng, gèk dateng poendi anggènipoen padas arta semanten (paosipoen). Mangka ratjakipoen ki loerah poenika jén narik paos kados-poendi tandangipoen? Para maos saged mirsa pijambak. Ratjakipoen inggih ladjeng ngoengkret wekdal; ingkang



betahan oemoem; lan sinten ingkang langkoeng kijat, inggih kedah langkoeng katah oeroenipoen. Poenika kados adil. Sinten ingkang oep, damel grijah saé, poenika soeka tanda jén kijat; milanipoen pantes oeroen katah. Déné toemandajipoen paos waoe, warni-warni sanget; kadosa: njaékaen margi, irrigatieve, kangé ambajar poenggawa-poenggawa, ingkang andjagi katentreman l.s.s. Jén saben tijang boten poeroen ngrogoh kantong lan soitik kangélan, kados-poendi sagedipoen oemoem rahardja? Red.

## NGATOERI WOENINGA

doemadeng para sadérèk bilih rikala dinten **Slasa Legi 24 Maart' 31** koela pinaringan momongan malih éstri akanti wiloedjeng.

Tajoe, 1 April 1931.  
Koela kekalih:  
*Dwidjasaemaria.*

## SWARANING MRETJON.

Ing riadi taoen poenika koela ngleresi wonten ing grija, sabab saweg masoek barat, wiwit 13-2-'31 badan kraos boten sakéjtja, wehaw malih mirah djawah, mél saben sotenten djawah deres. Malah kala malem Kemis tg. 19-2-'31 oetawi 1 Sawal 1861 ing panggénan koela dipoenkoermati pak alit bandjir. Bakdanipoen wonten ingkang nganggé dinten Djoemoewahipoen.

Ing sarehing noedjoe aral dados boten saged dateng kita, namoeng ngoender wonten ing grija, namoeng njawang lan mirengaken ing sakiwa tengen ingkang tjahe<sup>2</sup> kémawon.

Sandjangipoen awis jatra, poena-pa-poenapa sarwi mirah, katah ba-koel oetawi sanésipoen sami sambat, ngesah, anggresoela boten gadah jatra, kirang jatra, djaman malèsék. Ngodé (andong) angsalipoen boten misra, boten moerwat, kangé teda kapal kémawon boten tjejak, alias kirang. Éwasamanten, man doplang, r'en inggih makaten. Lo, kok inggih katah ingkang meksa noebjak-noebjak, médja kebak, inggih boten kétang damel pijambak oetawi toem-bas dateng Patjinan, panganan da-tjah losinan, pinten-pinten stoffles oetawi piring, toerah-toerah ngan-toes doemoegi bivar raja.

Saking pamawas koela, (ing doesoen lo sadérèk, sampoen ke-soepèn inggih!) ingkang plesiran lan pados dengkoel kanti dokaran oetawi taxi-taxinan, noen inggih pantjén kirang tinimbang taoen-taoen kapengker. Nanging sadérèk, adoeh, swaraning mretjon ngétab-édabi; wiwit sotenten doemoegi éndjing prasasat boten pedot-pedot tanpa këndel, ramé temenan, raos koela ngoengkoeli djaman 10 taoen sa-priki. Doemoegi 3 à 4 dinten lan langkoeng, mretjon taksih kapireng katah.

Inkang toembas datjinan noen inggih wonten. Lo, poenapa boten éman-éman? dateng poendi ta poe-roegipoen jatra patoembas mretjon waoe manawi sampoen dawah tan-ganang padagang mretjon? Bok inggih kadamel dana-drijah dos-poendi?

Mestinipoen anggéné sami mre-tjonan poenika noen inggih kanti pikanteuk idin. Nanging ta nijat-ipoen boten kapoerih obral-obralan, ngetjéh-etjéh jatra, nanging kedah akanti doegi-doegi lan moerwat.

Pantjén sadjakipoen doemèh ang-sal idin ladjeng satengah oempak-oempakan? boten étang-étoeng, boten ngéngerti mangsa lan djaman-ipoen.

Jén makaten leres sad, ingkang mastani manawi bangsa kita katah

## DJAMAN NATIONAL.

Djaman goemarégahing raos kabangsan. Djaman nresnani, ngadjengaken dadamelaning bangsa lan golongan.

Mila mangga koela atoeri ambijantoe sekolah

## , T J R I J A S A "

sarana moendoet potrétipoen swargi

## Rama van Lith.

dateng P. P. K. D. Madijen. Regi namoeng f 1.—

Adrè: M. Ajik, goeroe Normaalschool Madioen.

ingkang dèrèng ngertos dateng economie, soepé dateng péting, angger saged toetoembas.

Ing mangka badé wonten atoeran, kréta, dokar, grobag, fiets, sami dipoenplomber mawi bajar f 8, f 6, f 4, f 2,50 fiets roda 3; f 2, fiets roda 2. Tjobi nadyan pétingan samanten waoe kangé ing salebet-ipoen sataeno rak meksa wonten mangé ingkang sambat angloeh angesah.

Dados ingkang koak-koak poenika namoeng bangsanipoen para djen-tlemen lan kaeom pangadjaran kémawon. Mila boten anggoemoen-aken jén tijang ngertos poenika bédá sanget lan tijang ingkang boten pradoelèn sarta boten ngretosan.

Ngantos wonten pangageng ingkang satengah boten pitados (mai-ben jén djan Mlesek?).

P. K. al. D.

## V A R I A .

### WANGSOELAN DATENG CORRESPONDENTIEBLAD NO. 3 MAART '31.

Soepados para maos sampoen mastani jén ingkang wonten ing Correspondentieblad poenika temtoe leres sadaja, mila perloe jén koela mangsoeli.

1). Panjerat moengel: Men is in den Islam geheel vrij zijn eigen interpretatie te geven aan de verzen van den Heiligen Qorán, mits ze maar niet in strijd is met den geest van dat boek m. a. w. er is in den Islam geen priesterschap, dat van den godsdienst het monopolie heeft te hebben.

Dados manoet Islam, kénning negesi ajat-ajat sapamanghihipoen pijambak, angger boten soelaja kalijan den geest van den Qorán. Koela njoewoen pirsat dateng Panjerat: sinten ingkang moetoesi jén interpretatie waoe boten soelaja kalijan den geest van den Qorán? Jén manoet ingkang satoenggal: Goesti Jésoes boten kapentang, manoet sa-toenggalipoen: Goesti Jésoes saéstoe kapen-tang, ladjeng de geest van den Qorán kados-poendi? Jén Panjerat moetoesi: Goesti Jésoes kapentang ikoo sing njata! Lo aneh! Manawi makaten anggénipoen negesi Qorán boten vriji! Lan jén pandjenengan moetoesi, pangoewaas pandjenengan saking poendi? Poenapa doemh wasis? Poenapa tijang wa-sis boten saged kléntoe?

Tjara Katoelik, Imam (Priester) poenika wontenipoen namoeng nerangaken, kados ingkang sampoen kawoelangaken déning Kerl kwit djaman kina, dados saëmper goeroe nerang-nerangaken dateng moeridi-poen wonten ing pamoelangan. Namoeng benébanipoen: goeroe ing pamoelangan saged kléntoe, sareng Kerl dados déde saben imam, manoet piandel koela, boten saged kléntoe, awit Kerl angsal kasagasan badé kadijeng-koeng saking Ngingsil soepadows sampoen kesasar, kados ingkang sampoen kaseboet ing Indjil.

2). Bab Indjil, ingkang dipointateti déning Loeekas poenika ingkang sampoen kapireng, nanging saking ingkang sami njipati, awit Loeekas mirengipoen saking para Rasoe. Dados boten kados pangintenipoen Panjerat "van gebeurtenissen, die plaats crepen eenige generaties (cursief P. S.) voordat het verslag in den Bijbel geschreven werd. Jén piwoelang ing Indjil boten bédá kalijan ingkang kawoelangaken ing Goesti Jésoes, poenika kénning pados seksi dateng patilasan ing Catacomben.

Wonten Indjil apocrief poenika boten nggoemoenaken. Tijang Katoelik ngandelin Indjil poenika pangandikaning Allah. Dados Indjil ingkang boten makaten, apocrief. Ing golongan Islam pantjénipoen makaten temtoe wonten Qorán apocrief.

Manoet pangandilipoen sadérèk Islam, Qorán poenika pangandikaning Allah, datus tentoe lerespoen. Qorán poenika boten koel medak saking swarga kados pangintenipoen sawenéhing tijang. Nanging dipoen-wedaraké déning Panotañipoen dateng para moerid, ladjeng dipointenget-éngat oetawi dipointateti. Lah poenapa tijang oepami séwoe ingkang mirengaken (ing dialect warni-warni) sami panampinipoen? Genah boten. Dados ajiating Qorán poenika sakawit temtoe warni-warni. Woesana ladjeng dipointata. Tandanipoen: pantjénipoen ingkang wedalan Mekah awor kalijan wedalan Mekah, wedalan Medinah kalijan Medinah. Nanging Qorán poenika dipointampoor, ing semoe awawaton: sing dawa ngarep, sing tjendal mboeri. Warni-warni dipointata, temtoenipoen rak dipointipilih: Iki sing bener (sabdanan Allah), iko doedoé, kaé doedoé lsp. Ingkang doedoé sabdanan Allah waoe jén tijra panggénan koela namanipoen apocrief. Kangé tijang pinter, apocrief poenika wonten goenanipoen, kangé notjogaken. Koetjiwa déné Qorán apocrief poenika pantjénipoen kedah wonten. Déné teka boten wonten, bokmanawi kabesmi.

Goemoet koela: jén Panjerat boten pitados dateng tjarjisong Indjil, poenapa déne asring dipointipat ajiat-ajatipoen oetawi tjarjisipoen. (Mirsanana C. B. no. 9 taoen 1930 katja 11) kaanggep sampoen sreg. Manawi consegenus, rak boten poeroen nganggé, ngantos para maos mastani: sing metih iki nganggep jén Indjil ikoo bener.

3). Bab Islamische beschaving. Saéneng koela, dèrèng naté koela njelaki Islamische beschaving ing Sepanjol, awit pantjén njata. Namoeng koela taksih badé taked ten sarta dèrèng angsal wangoeloan: ikoé saka agama Islam, apa saka bangsa Islam? Ing katja 10 moengel: Taalonderzoekingen, dichtkunst en andere takken der letterkunde verschenen ook spoedig na (cursief P. S.) of gelijktijdig (cursief P. S.) met de publicatie van den Qorán.

Panjerat rak ngertos ta bédanipoen na (gelijktijdig) kalijan omdat, bakda kalijan djalaran?

Bakda kémawon koela nedá djadah, padar koela sakit. Sareng dipointipat dokter djeboel oesoës koela sakit T. B. C.

Poenapa koela kénning moengel, T. B. C. ikoé saka djadah?

Koela lan tijang-tijang saben-saben malaria, neda pil, temtoe Saras. La poenika kénning moengel: pil ikoé djalaran ilanglang malaria.

Mila koela poeroen ngakeni, jén agami Islam mbekta beschaving, angger saben-saben bangsa ingkang ngrasoek agami Islam mesté beschaaf. Sang Praboe Amanoellah badé mbekta beschaving ing Afganistan tiroe-tiroe Kemal Pasja ing Toerki, malah badé dipointéndani. Lo djaré ikoo ngejokaké késchaving!

4). Bab polygamie Panjerat ngekahi polygamie (wajoech), inggih soemangga. Poenapa sampoen damel propaganda kados weling koela saweg anoe poenika? Manoet Panjerat, perloe damel propaganda, djalaran ing tanaah Djawi njriki katah tijangipoen éstri timbang dijaler. Boten propaganda dateng Eropah? Njriki margin perang rak kekatahen, karo pangasilankoe.

Panjerat mendet sesorahipoen George Q. Cannon taoen 1869. Koela maos ing serat kabar "de Koerier" 10 Maart 1931 jén samangké polygamie ing Toerki dipointawisi sanget. Sinten poeroen nerak, kaeckoem. Manoet Correspondentieblad, Toerki poenika taksih Islam saéstoe. Poenika rak soelaja. Margi perang, tijang éstri kekatahen, teka dipointawisi sanget, mangka panoetanipoen ngilitan, lan Panjerat nganggep djampi setidjab. Sinten ingkang leres.

5). Bab Trindjiti Soetji. Panjerat moengel: Hoe de verschillende conciles zich uit de moeilijkheid trachten te redden.

Concile anggénipoen memantasi poenika boten teka margi bingoeng, nanging namoeng mligi netepaken poenapa woelang-koeng saking Ngingsil soepadows sampoen kesasar, kados ingkang sampoen kaseboet ing Indjil.

Panjerat temtoe boten pitados dateng Goesti Jésoes kados koela. Nanging Allah dados manoenisa poenika poenapa mokal? Poenapa mokal Malaëkat mawi kamoengsan? Bangsa materialist, mokalaken, jén Pandjenengan rak boten. Pandjenengan boten mokalaken, ngandika: bisa kelakon.

## CORRESPONDENTIE.

— S. S. Grabag: péting pandjenengan leres.

— Tarc. S., kita sampoen tami saking M. — A b. n. 258, kangé t. '31 sampoen sah: malah taksih tirah. Jén boten paring ke-terangan, tirahan waoe koela anggep dana dateng Sw. Tm. Noewoen.

— A b. n. 97; bab lejeren bajaran poenika kembaga kalijan Ramia de Kuyper késawahan, soepadows terang. ADM.

Kita mateer noewoen dateng para mandjoeroeng karangan. Sampoen dados panggalih déné dèrèng saged medali sapoenika.

## ONTJÉN SEKAR GAMBIER MELATI.

### MALIH, . . . PRAKAWIS BEZUINIGING.

Ngoerangi blandja 5% — 10% — Njoeeda poenggawa —

Ngoendaké padjeg.

Regering pijambak sapoenika mratéla-aken. "Sanajan bénjing wonten tirahan begrooting, boten badé kawonten poenika saged andjani indaké blandjanipoen ambataan." Nanging, saopami bénjing nglam-pahi lamplahan krisis ekonomi; mesté inggih ladjeng toemindak kados sapoenika, grajah-grajah nedya ngirangi blandja. Mangka djoemendoeling tatales blandja ing B.L.P. poenika, boten kok ngleresi djanan lemoe kados katranganipoen regeering wekdal samangké, wangsoel soewaoenipoen inggih angleresia djaman koeroe, djanan malaise . . . (rede Rens, leider V. V. L.)

3. Manawi djanan lemoe, para ambtenaar boten kapandoen babatén. Nanging manawi ngarike toena, para ambtenaar kedah toemoeit mikael pitoenaniipoen. Blandja dipointengkred poenika. wohipoen namoeng anoesahaken. Dados nama pitoena ageng toemrap nagari. (rede Kriens)

Koela mireng soewantien saking kaoem berah bangsa Indonesia ingkang bajaripoen andap sanget. Koela mireng oegi swantienipoen kaoem berah bangsa Éropah ingkang kénning kawastanan ingemban tjin-dé ing regeering, margi blandjanipoen langkoeng katah tikel tekoek tinimbang poen Inlander. Swantienipoen kaoem berah saking golongan kalih waoe andoewa sanget karsanipoen regeering angirangi bajar. Golongan kalih ingkang sadjatosipoen ngalér-ningidoel, sapoenika sami toenggil pamanahan andoewa badé lekasi-poeng paréntah. Poenika boten sa-kedik artosipoen.

O, inggih boten maiben. Sinten ingkang boten anggrondjal, manawi ngéngerti bajar soeda, padjeg moen-dak, . . . toer nék ora kabeneran bakal ditjopot. Boten maiben oegi; sadaja ingkang roemaos badé kata-man mesti ladjeng manoenggill.

Nanging sadérèk, . . . sanadjan kados poenapa kémawon derenging pandoewanipoen ingkang tjalon kataman, . . . manawi regeering mila sampoen anetepaken "koedoe toe-mindak mangkono," kita inggih badé namoeng andjenger angeloes dada. Kita badé boten saged polah. Kita badé ameningi lelampahan: gelem ora gelem, koedoe nglakoni!

Mangka manoet gagapaning ngakatah, regeering anggénipoen angrantjang toemindaking pangiridan poenika adadasar: "karepkoe iki koedoe kelakon. Ora kena ora koedoe toemindak kaja sing dakrantjang."

Prakawis poenika katilik saking djéréngan rembag ingkang ka-soekaken dateng Volksraad namoeng sawarni, "Mededeeling"-Pem-berian tahoe."

Saja tjeta manawi kita angéngerti temboängipoen paréntah kaseboet wonten Mededeeling waoe: . . . De keuze is dus de ontwikkeling van het land te remmen door vast te houden aan het tegenwoordige salarispeil, of dit omlaag te brengen terwille van een harmonische ontwikkeling van land en volk, welke keuze niet moeilijk is."

Dados, sapoenika regeering ananting: Pilihen salah sidji! Ngendeg-aké adjoening tanah iki sarana ngoekoehi tataran blandja sing saiki, apa angendaké tataran maoe, karebèn madjoening nagara lan bangsa bisa laras, bisa timbang.

Katranan kalih bab poenika, ingkang noewohaken gagapan: regeering wis anetepaké ora kena ora koedoe toemindak mangkono. Dadi rantjangan koewi sadjatiné doedoe rantjangan; balik woes tetepan kang sadéla engkas bakal toemindak.

Manawi gagapan waoe njata, tegesipoen regeering mesti anindak-aken pangiridan kados ingkang kaseboet ing Mededeeling, kita namoeng ngentosi: bakal kaprije dadiné ing bésok. Koela namoeng njekoti: regeering ingkang boten anggasosaken pandoewanipoen kaoem berah ma-éwoe<sup>2</sup>, saé poenapa boten?

Éwadéné sadérèk, pedang bezuiniging ingkang badé andjalari peroet main krontjong, poenika sasat api-toetoer dateng sadaja poetranipoen iboe Indonesia:

.... Anggèr! Wanti-wanti wellingkoe: adanglestaré kaké anggon-moe anggoestie watak dadi batoer. Dimangerti marang a koe - ning awakmoe. Dibisa ngrekani adjining awakmoe. Dibisa mribadi. Karepkoe oedinan soepaja dadi wong sembada. Dadi ora wedi bakal dipotjot saka wong kang angopahi kowé.... Kadjabo koe-wi ija dimangerti marang adjining doewit....

Pitoetoer poen

# Recept<sup>2</sup>

E  
R  
E  
C  
E  
E

APOTHEKEN

Rathkamp  
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226  
boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

TOKO DJOEN &amp; Co.

TELEFOON No. 374.

PATJINAN — DJOCJA.

KITA POENJA ROTIE JANG DIE  
TOEMBOOK PAKEE

KNEEDMACHINE

DENGAN TENAGANJA

ELECTRISCH

TENTOE PALING

DJEMPOL

SILAHKEN BIKIN PERTJOBAÄN

Memoedijken dengen hormat

DJOEN &amp; Co.

## Mangga moempoeng mirah mekaten.

Sepiritus kanggé lampoe, 94%; sa-blèg à 18 liter F 3,50.  
Schellak, garing, 1 Kilo . . . . . 2,75.  
Caurtcsoda, sa-drum à 50 kilo . . . . . 11,50.  
Copallak; sa-blèg à 10 kilo . . . . . 12,50.  
Zinkwit Maastricht, zegel abrit; sa-tong à 50 kilo . . . . . 23,—.  
" " " " " à 100 " . . . . . 25,—.

Kedjawi poenika: idjem cromaat sepoeh, djené cromaat ném, ch. z. loodmenie, ijzermenie mawi ijzeroxide 85 doemoegi 90%, oker djené lan sawo mateng, tjemeng Zweden, driebandzwart, sikat-sikat, penoeli-penoeli, sela kambang Eropah, rempelas dlantjang lss. Ngoentoengaken sanget kanggé para Aannemer lan para kilak.

**Verffabriek R. B. FRIELING**  
HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

## TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

## ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak-anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

Koela moengel: boten namoeng bisa kelakan  
nangging pantjén kelakan tenenan. Jen  
Goesti Allah saged moendoet kamanoengsan,  
ladjeng tjetra jen wonten twee naturen,  
inggih poenika: kaallahan lan kamanoengsan.  
Poendi ta ingkang nama moka?

o). Bab Prof. Sukanik lan Prof. dr. Eisler. Koela goemoen, déné Correspondentieblad merangi "Swara Tama" \*) ingkang nglawan Prof. kekalih poenika. Sapien: poenika namoeng hypothese, dados dèrèng mesti leres. Kaping kalih: pamanghihipoen Prof. kalih waoe ruk soelaja kalijan piandelipoen bangsa Islam ta! Jen ngandel dateng Qoran ingkang njrijosaken soenggipoen Goesti Jésoes, ruk pantjénpooen toemoet merangi Prof. waoe, ingkang njelaki kena-beanipoen Nabi Ngisa, la kok malah mélöe<sup>2</sup> kana. Kados poenika?

Petrus Soeradjadja.

\*) Panjerat ing Correspondentieblad kaseboen, njerat jen satoenggiling pambantaloenpoen "Sw. Tm." mastani ingkang njerat Indjil poenika: journalist-ijpen koraning Allah. Sinten ingkang maos Sw. Tm. no. 7 pijambak mesti ngertos menawi panjerat ing Corr. waoe kirang satih anggénipoen maos. Milaipoen weling kita: bédjung malih toes taoen kapengker tijang - tijang-ipoen sampoen wonten ingkang dados Katoelik). Nalika mlebetipoen Novice ingkang sapisanan sdr. sdr. Katoelik ing kita sami toemoet bingang. Sapienka tjetjahing Novice wonten 12. Frater 4 ingkang sapoenanipoen sinaoe Theologie wonten Itali. Lan sampoen katah student seminar ingkang sami njoewoen dados Franciscaan. (Herpe).

Tijang 7000 njoewoen kabaptis. Kita Tsehangkool (tjetjahing djiwanipoen 7000) lantaran pangréhipoen njoewoen dateng Kangdjeng Biskop Mgr. Tschang (bangsa Tiong Hoa), soepados karsaa nampi sadaja tijang ingkang manggèn ing kita waoe, dados Kat. Mgr. Tschang inggih teroess nandangi kanti sengkoet. Sampoen wonten tijang 5000 magang baptis ingkang aangsal woelangan. Manah Katoelik pantes toemoet bingah!

## SOVJET-UNIE.

Imam ingkang dipoenkoendjara oetawi kaboetjal. Mitoeroet pratélanipoen taenan (1930) Kangdjeng Maha-Biskop ing Polen, ingkang nge-rehaken maha-kabiskopan Mohileff, sapienka wonten imam Katoelik 114 ingkang kokoendjara, taoen ingkang sampoen namoeng 59. Déné ingkang kaboetjal dateng "Concentratiekamp" wonten 19. Toewin dèrèng lami Kangdjeng Biskop ing Luzk (Polen) tampi kabar, jen ing Moscou wonten imam-imam Katoelik malih ingkang katjepeng.

## PARANGAKIK.

Lourdes ing taoen kapengker (1930) lan ing djaman malaise.

Nama "Lourdes" wonten ing dja-gad Katoelik sampoen kasoewoer ing poendi-poendi. Saben taoen pinthen éwoe kémawon ingkang sami dji-jarah mrika. Lan ing glagatsaben taoen saja mindak nggrengseng. Risaking prekawis ékonome boten dados alangan dijjarahing tijang maéwoe-éwoe. Correspondent-ipoen "de Tijd" ing Paris angsal pawartos opisijil, jen welting (aanvragen) ingkang sapienka sampoen katampi tjetjahing poenigoengkoeli saking adat. Dados taoen 1931 nggrengsengipoen badé ngawonaken taoen ingkang sampoen sampoen.

Ing ngandap poenika statistiekipoen Lourdes ing taoen 1930, mitoeroet s.k. s.k. ing Lourdes.

Sepoer miroenggan. 413, nge-mot tijang dijjarah dateng Lourdes: 238 244 (tijang Pransman: 159,093, sarta mbekta tijang sakit: 8,615; tijang saking tanah sanès: 79,151, mbekta tijang sakit: 5,688). Saking tanah sanès waoe ingkang mondjo pijambak Bélgia (28,791), ladjeng Sepanjol, Italia, Inggris, Zwitserland, Djerman, Nederland, Ierland, Luxemburg... ingkang andap pijambak: Beieren (300). Amérika 404, dados boten kompérén.

Ing tjetjah - tjetjah waoe dèrèng kalebetaken tijang - tijang ingkang dateng Lourdes mawi sepoer limrah, auto oetawi autocar.

Déné pangagenging Pasamoean Soetji ingkang dateng Lourdes inggih boten koetiwa: Kangdjeng Kar-

dinal (saking tanah sanès 2), Kangdjeng Maha-Biskop 14 toewin Kangdjeng Biskop 121 (saking tanah sanès K. Maha-Biskop kalijan K. Biskop 55).

Wiwit Mei doemoegi November wonten Mis Soetji 65000 (Mis Soetji 4 ingkang dipoenkoendjaken Rama Djawi. Red. Sw. Tm.); Komoeni Soeiji: 1.170.000.

Ingkang sami adoës oetawi wisœhing piscine: tijang djaler 54.581, tijang éstri: 146.286.

Tjetjahing hospitalier (ingkang ngroemat tijang sakit) mindak doe-moegi 540; ingkang noeloengi ing pandamelanipoen: réntjang 428; djagi anggotong tijang sakit ± 6000; pad-vinder ± 200. Ing medisch consultatie-bureau ingkang njamboet damel wonten dokter 998, saking tanah warni-warni; pengagengipoen Dr. Vallet.

## INDONESIA.

## Noviciaat kanggé gotrah Jezuïet.

Ing satjelaking grija-retret "Giri-Santa" badé dipoenkoendjaken Noviciaat enggal kanggé gotrah Jezuïet. Rampoengipoen bédjung woelan Désember. (De Koerier). Doemoegi sapienka Noviciaat waoe wonten ing Ngajogja. Nanging ladjeng se-sak. Crescat, floreat!

Sadérék Katoelik Djawi ing Semarang mèngeti Sangsara Dalem.

K. W. Semarang ngwontenaken pepanggihan.

R. H. Dw. martosaken,

Kala Palm-Zondag wingi poenika, wantji djam 7 sonten, para prijantoon Katoelik Djawi ing kita Semarang sami pakempalan wonten ing gedong K. J. B. ing Semarang. Margi grimis koela sadaja sami nginten, jen boten katalah ingkang sami rwoeh, ananging kedadosanipoen meksa radi loemajan; prijantoon poetri 24, kakaeng 28 toewin rama G. A. boten kantoen. Mengkah perloenipoen pepanggihan poenika sami ngangen-angen bab Sangsaranipoen Goesti Jésoes, mawi kalagokaken-kawaos prijantoon tiga kados déné wonten ing Grédja.

Sadérèngipoen kawiwitana rama G. A. ngandika, bab poenika pantjéniopoen kawaos wonten ing Grédja, ananging sarehne ing ngriki dèrèng wonten Grédja Djawi, mila trimah kawaos wonten ing gedong K. J. B. poenika. Sasampoenipoen poenika wonten prijantoon poetri kalih lan sadérèngipoen djaler alit-alit madjeng perloen menjanji. Sabiparioen poenika ladjeng kawiwitana maos "Bab Sangsaranipoen Goesti Jésoes" kin-tien-kinten ngantos sadjam dangenipoen. Boten wonten soewanten ingkang kapireng, kedjawi soewantenipoen prijantoon tetiga ingkang sami maos, gentosan poenika. Sareng sampoen bibar, ladjeng kase-lanan menjanjian malih. ± Djam 8,30 bibaran.

Kala tanggal 5 April 1931 wantji djam 10 sijang K.W. ing Semarang ngwontenaken pepanggihan wonten

ing Pastoeran Randoeari. Para tamoe kakoeng poetri ingkang rwoeh ± wonten 100. Tamoe-tamoe waoe saking ing salebeting kita lan C.B.Z.; saking sadjawining kita oegi ketinggal pepak, kadosta: saking Kendal, Poerwadadi, Midjén, Bodja, Genoek, Demak, Sajoeng, Solo toewin sanès-sanèsipoen. Sareng tamoe sampoen katingal pepak, Pandjenenganipoen Rama Parampara (G.A.) rawoeh saking Gedangan.

Sasampoenipoen sami tata lengkah, sinambi dahar pasoegatan sakadar-ipoen Pangarsa K.W. R.F. Adiso-santa medar sabda: 1). ngatoeraken soegeng rawoeh dateng para tamoe kacoeng poetri. 2). ngatoeraken genging panoewoenoipoen dateng padoeka Rama Pastoor ing Randoeari déné sampoen kersa maringi papan minangka adjangking pepanggihan ing dinten poenika. 3). Ngatoeraken panoewoeno dateng para prijantoon ingkang sampoen kersa maringi ngampil pirantos kanggé perloening pepanggihan poenika. Saladjengipoen ladjeng nerang-nerangken, wosipoen pepanggihan poenika minangka tetangsoeling katarsan wonten ing alam karaméjan ngriki, ngantos doemoegi ing djaman kalanggeng, sageada sami ngempal dados satoenggal wonten ing kaloeljan langgeng.

Padoeka Rama Pastoor G. A. njambeti medar pangandika: Pe-panggihan ing dinten poenika mèngeti anggènipoen sami nglairaken bingah manah: 1e. bingah ing lair, sampoen katjeta wonten ing paahrgjan poenika. 2e. bingah ing lair batin déné koela sadaja samponi sami resik menggahing soekma.

R. H. Soepadi njambeti: wosipoen njoewoen goenging samodra pa-ngaksama dateng para tamoe, mawani wonten kekirangan menggahing bab pasoegatan, awit mila kadamel sawontenipoen, ngèngeti djaman maledé.

Djam 12,30 pakempalan katoetoep kanti wilodjeng.

Sadérék Katoelik ing Ngajogja mèngeti Sangsara Dalem.

Malem Djoemoewah Adi sadérék Katoelik ing Ngajogja inggih mèngeti Sangsara Dalem, wonten ing Grédja Kota Baroe. Ingkang nin-dakaken laré-laré Wlandi, basanipoen inggih Wlandi. Sadérék Katoelik Wlandi katah ingkang sami dateng; sadérék Katoelik Djawi inggih wonten. Toemindakpoen saé sarta nrenjoehaken. Ada-ada kados makaten poenika ing Ngajogja saweg sapisanan. Poenapa sadérék Katoelik Djawi boten saged ada-ada kados makaten oegi? Dados bédjing malih mesti badé wonten. Rak inggih ta!

## KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Kanggé kasangsaran Merapi. K. W. Bara . . . . . f 4,36. Sinten ingkang taksih karsa oeroen, dèrèng nama kasép!

Sinten ingkang tjalon kabenoem dados warga Volksraad.

Manoet pamirengipoen Bintang Timor prijantoon-prijantoon ingkang katalah oetoetipoen kabenoem dados warga Raad Kawoela i. p.

Tahmrin, Dwidjaséwaja, Mr. Sas-tramoeljana, Tabrani, Abdul Daeng Mapoedi, hoofddjaks Makasar. Kedjawi poenika badé wonten malihi satoenggal ingkang saking Tapanoeli.

Ladjeng, manoet pamirengipoen Revue Politik, kadjawi ingkang kabesoet nginggil, taksih wonten malih ingkang katah oetoetipoen kabenoem, i. p. saking golongan Mohammad-dijah, bokmenawi sadérék Wiwaha, saking kalangan Katoelik bokmenawi Rm. Soejadi; saking Atjih, bokmenawi Tenkoe Mahmoed; saking kalangan Protestant bokmenawi F. Lach.

Kaseboet ing nginggil poenika tetep namoeng teksih gagapan oet. pamirengipoen serat kabar.

## R. K. MULO

ing Ngajogjakarta (Kampementstraat).

ing Soerakarta (Mulo-weg Poerbajan).

Iksamenan loemebet dados moerid wonten ing tanggal 4 Mei, djam setengah woloe éndjing.

Penjoewonen dados moerid ingkang tanpa verkla-ring, dipoensoewonen loemebet sadérèngipoen tanggal 1 Mei; ingkang mawi verklaring dipoensoewonen loemebet sadérèngipoen tanggal 1 Juni.

Penjoewonen dados moerid ing H. I. S. Soerakarta lan H. I. S. oetawi Schakelschool Ngajogjakarta, dipoenadjeng-adjeng sadérèngipoen tanggal 1 Juni.

DE DIRECTEUR DER  
CANISIUSCHOLEN.



## ING SAPOETJAKING PANGGOENG ECONOMIE.

"Poenapa bédanipoen aandeel lan obligatie?"

Mekaten; aandeel poenika batini-poen boten temtoe, saged 10%, saged 180%(\*), saged noel-persèn saged itjal babar pisan. Jén obligatie ageng-agengipoen 6\*\*), jén samboetan negari ageng-agengipoen 3%(\*\*), nanging temtoe netes lan pawitan angèl itjalipoe. Bab poenika dinten wingking badé kaoeloer pandjang" —makaten atoer koela wonten kala warti ngriki.

Lah, sapoenika koela badé ngoeloer prekawis poenika waoe sadaja (theoretisch) mawi tjonto, ingkang saweg kelampahan (actuel).

Hara, kirang poenapa malih?

Theorie kalijan prekawis ingkang actueel kaemor, kaloeloehaken dados satoenggal, dados ngertosipoen saged gamboeh kalijan djamanipoen.

Aandeel, poenika serat pratanda oeroen pawitan ing salah satoenggiling ada-padagangan (lan mawi katjetakaken katahipoen). Aandeel poenika warni gangsal:

(1) limrah (2) miroenggan (3) langkoeng miroenggan (4) dana (5) toemoet bati.

(1) aandeel limrah oetawigewone aandeelen, poenika wonten warni kalih: kabajar sah lan katjil. Aandeel kabajar sah oetawi volgestort, jén katahing arta ingkang kaseboet ing aandeel waoe sampoen kabajar sah. Aandeel katjil oetawi niet-volgestort, jén katahing arta ingkang kapertélaakken ing serat pratanda waoe dèrèng kabajar sah.

Aandeel-sah, kenging katjetakaken ingkang gadah oetawi boten. Aandeel-tjtijilan kedah kaseboetaking-kang gadah.

Sebabipoen tjiang damel aandeel tjtijilan waoe warni-warni, (a) sabab poen maskapé betahipoen arta boten kesesa; (b) oetawi namoeng kanggé djagi samangsa maskapé betah pawitan malih, saged énggal angsal arta; (c) kanggé njalang soepados aandeel waoe boten gam-pil kalijeraken.

Sedaya aandeel kedah kaserating sègel lan njeboetaken: (a) namaning bebadan ingkang damel aandeel dalah doenoengipoen; (b) tanggal angsalipoen idin nagari pawitan ingkang kaangkah nglempakipoen pinten, dipoennomeri angka oeroet lsl.

Aandeel-sah kenging kasadé tanpa rëwèl. Nanging aandeel tjtijilan jén kasadé kedah kasoemerepan ing directie oetawi wewakilipoe.

Sinten ingkang gadah aandeel-tjtijilan kedah sagah andjangkepi samangsa-mangsa manoit abanipoen directie.

Aandeel boten soeka sareman adjeg, namoeng soeka dividend (badé kaoeloer).

(2) aandeel miroenggan oetawi preferente aandeelen, poenika langkoeng menang tinimbang aandeel limrah: (a) pangedoeming dividend kedah karoemijnaken tinimbang aandeel limrah (b) jén bangkroet, kedah kawangoelaken langkoeng roemijn tinimbang aandeel limrah. (3) aandeel langkoeng miroenggan oetawi Cumulatif preferente aandeelen poenika langkoeng menang malih tinimbang aandeel miroenggan, awit:

Oepami taoen poenika boten tam-pi dividend, saged nagih ing tahoen tjandakipoen oetawi saladjengipoen lan tagihan poenika kedah kame-nangaken kalijan wewenangipoen aandeel-aandeel sanèsipoen sadaja ing taoen waoe (dédé taoen kapeng-ker).

(4) (5) aandeel-dana kalijan aandeel-toemoet-bati (oprichters-aandeelen lan winstaandeelen oetawi action de jouissance) poenika leresipoen sanès aandeel. Awit ing aandeel waoe boten kaseboetaken toemoet oeroen pawitan pinten, dados tanpa adj (heeft geen nominale waarde) namoeng jén bat-toemoet angsal pandoeman. Dados jén maskapénipoen bangkroet, aandeel (4) (5) poenika boten saged nagih poenapa-poena.

Mawi temboeng mantja, ringkesipoen aandeel warni gangsal waoe kados ngandap poenika kawontenani-ipoen:

(1) gewone aandeelen (a) vol-gestort, (b) niet-volgestort

(2) preferente aandeelen

(3) cumulatif preferente aandeelen

(4) oprichtersaandeelen<sup>1)</sup>

(5) winstaandeelen oetawi actions de jouissance.

Margi wontenipoen aandeel tjtijilan waoe mila para maos kerep mranggoeli seratan kados mekaten: Bank Anoe, pawitan 150 joeta roepijah, volgestort 95 joeta roepijah lsl.

\* Pabrik gendis Tjepér, Klatén, taoen 1925. \*\*) sawenéh doemoegi 10%; (satoenggiling pretapan ing Djerman); \*\*\*) sawenéh doem oegi 7%; (Andaja).

Obligatie, jén tjiang Inggris:bonds<sup>2)</sup>, poenika pratanda njamboet, (jén aandeel pratanda toemoet oeroen pawitan) ingkang katemtokaken kados-poendi lan bédnjing poenapa anggènipoen mangsoelaken lan sa-remanipoen pinten.

Dados tjiang gadah obligatie poenika boten gadah wewenang poenapa-poenapa toemrap maskapé ingkang njamboet. Jén gadah aandeel saged toemoet mrenata, netepaken dividend lsl.

Dividend, ateges sapéranganing bebatèn saking dagang ingkang dados hak-ipoen tjiang ingkang toemoet oeroen pawitan (ingkang gadah aandeel). Ingkang netepaken wonten lan botenipoen lan sapinten katahipoen dividend poenika klem-pakaning para oeroen (ingkang gadah aandeel), adat manoit anter-antjeripoen directie lan para pem-bantoe.

Tampinipoen dividend adat sara-na nedahaken dividendbewijs (pe-toek)<sup>3)</sup>. Saben aandeel satoenggal kakanténan petoek-petoek pinten-pinten, ingkang klempakipoen nama dividendblad. Saben badé mendet dividend, tjekap nètél petoek se-toenggal saking dividendblad waoe, (adat setaoen namoeng nètél satoenggal; namoeng sapoenika katah ran-tjangan neda soepados saben kwar-taal) ngedoem dividend, jén makaten setaoen apes badé betah dividend-bewijs sekawan). Maskapé ingkang adjeg batih katah, dividend waoe kapérang kalih; dividend-poetjoekan oetawi-interim-dividend lan dividend-tirahan (slotdividend). Oepami maskapé X adjeg batih apes 20%, woe-lan Januari sampoen nitjil ngedoem dividend 10% (interimdividend), mangké jén pepriksian boekoe sam-pon resik, ladjeng ngedoem malih pinten tirahanipoen (slotdividend).

Sedaja aandeel obligatie, pretanda samboetanipoen negari, provincie, gemeente, lan s. s. poenika sedaja nama effecten. Dados effecten poenika serat ingkang gadah aos pinten lan gadah oetoet tamipt sareman. Bab tjonto ngedoem dividend, saged katjeta ing verslagipoen. De Standaard, satoenggiling serat padintenan Katoelik ing Brussel.

Standaard waoe boekjaarioen Juni doemoegi Juni. Lan Boekjaar Juni '29—Juni '30 verslagipoen saweg medal kala October. Oepami Standaard waoe maskapé djempol, kala Juli sampoen saged ngedoem interimdividend, lan bakda verslag medal (November) ngedoem slotdividend. Nanging rëhning boten djempol, mila dividend saweg saged katampi sasamponipoen pepriksian rampoeng.

Dividend kenging kateda sarana coupon (dividendbewijs) no. 5 dateng kas oetawi bank sesoelhipoen. Dados coupon waoe namoeng nglemesaken, boten soesah motong-motong nginggalaken aandeelipoen. Kanggé Standaard, aandeel limrah taoen poenika tamipt dividend bruto 33,75 franc, oetawi netto (sasamponipoen katjowok paos) 26,30 franc.

Aandeel-dana namoeng tamipt bruto 5 franc, oetawi netto 3,90 franc.

Soepados tjeta malih ningali Shell, ingkang ing sapoenika koers-ipoen saja mandap.

Taoen 1929 maskapé waoe gadah kaoentoengan 17.573.249 dollar. Ladjeng kanggé dividend aandeel miroenggan telas 1.045.000 dollar, kanggé aandeel limrah 18.285.986 dollar, kalijan pétangan sanès-sanésipon resik taoen 1929 nandeg toeni 1.757.737 dollar.

Shell anggènipoen damel aandeel miroenggan waoe saweg salebetipoen taoen 1929 kémawon lan goeng-goeng sedaja agengipoen 40.000.000 dollar; lan kanggé taoen 1929 aandeel miroenggan waoe tamipt dividend 5½%.

Kedjawi poenika Shell inggih gadah aandeel-dana, lan saben kwar-taal aandeel poenika tamipt dividend 0,35 dollar, dados setaoen 1,40 dollar.

Aandeel dana poenika Shell sampoen ngedalaken katahipoen 13.070.623 aandeel. Jén toembas reginipoen pinten, kilap.

Poenapa margi mindak ngedalaken wragad katah? — O, kados arta ingkang kanggé wragad mi-nangka ngadjengaken tatanèn ing riki, boten sakedik.

Tjobi oepami Pamaréntah karsa ngeodi lan nindakaken kados Colbertisme waoe, wé, tenèh badé sirep lan boten wonten tetemboengan malih, kados ingkang dados andar-anipoen tw. Wellenstein, sardjana babagan economie Indonesia. "Jén economie ing kéné iki isih goeman-toeng ngamantja." Amargi djaman samangké kawoela Indonesia sampoen keladjeng anggènipoen kejoeng-joen, kesengsem lan keladjeng remen, mbetahaken dateng barang-barang wedalan saking ngamantja, ngantos tanah mantja: (And.)

\*) oetawi koepen: (And.).

\*\*) Rëhning oprichtersaandeelen poenika leresipoen dédé aandeel, mila kerep kaseboet oprichtersbewijs; (And.).

\*\*) Temboeng bonds sampoen naté koela anggèl ing Sw.Tm. no 46, ktj. 2; Council of foreign bondholders: wewakilipoen tjiang-tjiang ingkang toemba obligatie saking tanah mantja: (And.).

\*) manufacturers royales.

éwasamanten poeroen ngedoem di-vividend ngantos nelasaken arta langkoeng saking 10.000.000 dollar.

Nah, inggih leres tjiang ingkang sami gadah aandeel seneng, tampil dividend, nanging kaeom dagang soemerep aandeel Shell mléngos, awit ngertos jén kasipoen sakit, andjalari regining aandeel soeda, ateges: koers-ipoen mandap; (kw. I, 1930 toeni 8.279.726 dollar), margi kedah mriksani dateng kentjenging kadjengipoen ingkang pantes ingalembana lan kenging kanggé srana daja panoelaking tetemboengan ingkang wonten ing kalangan maatschappij: adji godong djati aking. Inggi poenika:

Toemraping Colbertisme, kang-génipoen kita poetra Katholiek Indonésiér, samoan ngantos na-moeng ningali trädjangipoen ang-géning ngedegaken industrie ngangmantja kémawon, nanging oegi kedah mriksani dateng kentjenging kadjengipoen ingkang pantes ingalembana lan kenging kanggé srana daja panoelaking tetemboengan ingkang wonten ing kalangan maatschappij: adji godong djati aking. Inggi poenika:

T. Colbert gadah kadjeng ingkang pantes lan saé dipointindakan, ingkang toemoesipoen badé damel pigoena dateng tjiang katah. Pijambakipoen ladjeng wiwit toemandang nindakaken kadjeng waoe ing sasaged-sagedipoen kanti boten ngémoeti rekaos sakedik kalih kedik lan boten ngraos éman, owel ngelakalen wragad. Remen teteloeng lan nenoentoen dateng bawahipoen, tjiang sor-soranipoen.

Samanter roemijin.

Popongan. Aksamanta Widgantâ.

Andaja.

## NGADJENGAKEN ECONOMIE-NING BANGSA (SARANA DEDAMELAN).

Margi saking wontening karibedan warni-warni sadérék koela Percy Blak. kepeksa boten saged nglajdugaken, kados ingkang sampoen dados ateoer kesaghanipoen wonten ing taman Sw. Tm. riki, njaosi pisoembang sawatawis babagan economie. Nembe poenika presaben dateng koela, jén saged koela ka-poorih ngajati malih.

Mitoeroet saking pemanggihipoen para ahli econoom, ingkang sami ngoedi dateng pradja rahajoe, katah

sanget ingkang nerangaken: jén adjenging economie mekaten namoeng doemoenoeng wonten ing pakarjan damel barang-barang ingkang dados kabetahanipoen tjiang lan dedagangan. Kados ta ingkang kasebat wonten ing boekoe kar Mr. Is. Cassutto:

Tw. Adam Smith (1723 — 1790) setoenggaling leeraar ing Universiteit ing Glasgouw (Inggris), mastani jén saéning economie kanggé industrie lan dedagangan mekaten langkoeng saé tinimbang kalijan tatanèn.

T. Tw. Colbert (ing abad 17, minister ipoen Sang Praboe Lodewijk XIV, mastani jén loehoring tanah lan madjenging economie -nipoen kawoela, namoeng goemantoeng dateng katahing wontenipoen industrie ngamantja ing tanah rikoe. Djer poenika tertamoe badé kenging, kanggé nenoentoen, soepados tanah rikoe ladjeng saged nandangi lan bawa pijambak lan saged njampeti kanggénipoen damel barang-barang ingkang dados kabetahanipoen kawoela.

Mila pijambakipoen ladjeng ngedegaken industrie ngamantja,) kados: Gobelinfabrik ing Parijs. Porseleinfabrik ing Sèvres). Temtoe kémawon, sarehning kawoela ing rikoe dèrèng saged nandangi pijambak, ladjeng ndatengaken tjiang ingkang sampoen saged saking Nederland, lan Italie, kapoe-rih moelang moeroek, soeka toelada.

\*) Akoe iki goeroe: tegesé:

\*\*) Akoe iki tinimbalan ing Pangéran, tinoeding ing panggedé, kabajar déning oemoem, kanti tjin-tentang ing prasetya, nedya dadi djoeroe memoelang sadjatining kanjataan, djoeroe anggoela-wen-tah sadjatining kawitjaksanan lan adjirih asih ing Pangéran; ora ngemoengké marang moerid sidji loro, nanging kabéh sing dadi tanggoeng-ankoe. Daci saja akéh moeridikoe ija siaj abot sessanggankoe.

\*\*) Akoe dadi gentining wong toewané moerid kabéh, sing pada njakolahé anaké. Akoe dadi rama-kaoekmaning (geestelijke vader) botjah-botjah sing pada kapasrah-aké marang akoe. Akoe koedoe mitoeloengi wong toewaning moerid nggoela-wentah anaké.

\*\*) Akoe pinitaja njekel taman panggoela-wentah déning parochi, mangkono oega dadi pangarep-arep-ing wong akéh, moenggoeh woh-ing pakarjankoe maoe. Akoe dadi pangarep-arepaning wong toewané moerid moenggoeh pambangoen toeroeting anaké.

\*\*) Akoe dadi pangarep-arepинг Santo Pangajoman, moenggoehing toehoe setyaning panoelade.

\*\*) Akoe dadi pangarep-arepинг para ngoelama, moenggoehing kanti pinteran lan kasanenginan sinaoe para moerid-moeridikoe.

\*\*) Akoe dadi pangarep-arepинг oemoem (gemeenschap) soepaja bisa njoegoeh marang djagad pasra-woengen, krija kang tjaek-p-tjaek marang pagawéjané; para bapa, kung pratikel (verständige huisvader) ra'jat sing banget pangrang-koelé marang katentreman; saéka prajaning djedjodoan (eensgezin

\*) Ing riki, koela sareng soemerep dateng kateranganipoen tw. Adam Smith (ingkang ngantos sapoenika dipoenwastani bapa baboening ahli econoom) lan tradjungipoen tw. Colbert (ingkang ngélmipoen dipoenwastani Colbertisme), ing manah ladjeng éram, goemoen, ngoengoen lan ngraos bingoeng. Kados-poendi sababipoen déné Pamaréntah ing riki, ingkang minangka dados bapa baboeng lan panentoening kawoela Indonesia, teka boten karsa ngoedi lan nindakaken kados Colbertisme waoe.

Poenapa margi mindak ngedalaken wragad katah? — O, kados arta ingkang kanggé wragad mi-nangka ngadjengaken tatanèn ing riki, boten sakedik.

Tjobi oepami Pamaréntah karsa ngeodi lan nindakaken kados Colbertisme waoe, wé, tenèh badé sirep lan boten wonten tetemboengan malih, kados ingkang dados andar-anipoen tw. Wellenstein, sardjana babagan economie Indonesia. "Jén economie ing kéné iki isih goeman-toeng ngamantja." Amargi djaman samangké kawoela Indonesia sampoen keladjeng anggènipoen kejoeng-joen, kesengsem lan keladjeng remen, mbetahaken dateng barang-barang wedalan saking ngamantja, ngantos tanah mantja: (And.).

\*) manufacturers royales.

saged ndjalari barang-barang ingkang bakoe damelan riki, dipoen-singkoer, dipointilar boten dipoen-betahaken lan boten dipoenodi amrik indaking saénipoen.

Toemraping Colbertisme, kang-génipoen kita poetra Katholiek Indonésiér, samoan ngantos na-moeng ningali trädjangipoen ang-géning ngedegaken industrie ngangmantja kémawon, nanging oegi kedah mriksani dateng kentjenging kadjengipoen ingkang pantes ingalembana lan kenging kanggé srana daja panoelaking tetemboengan ingkang wonten ing kalangan maatschappij: adji godong djati aking. Inggi poenika:

T. Colbert gadah kadjeng ingkang pantes lan saé dipointindakan, ingkang toemoesipoen badé damel pigoena dateng tjiang katah. Pijambakipoen ladjeng wiwit toemandang nindakaken kadjeng waoe ing sasaged-sagedipoen kanti boten ngémoeti rekaos sakedik kalih kedik lan boten ngraos éman, owel ngelakalen wragad. Remen teteloeng lan n